

# EKZAMEN POU KANSÈ NAN TRIP

## Kolonoskopi yo Sove Lavi

### Kisa polip ak kansè nan trip ye?

- Polip yo se timè—oswa ti touf selil—nan gwo entesten (trip). Genyen polip ki pa danjere, men genyen kèk ki kapab vin tounen kansè nan trip.
- Si yo retire polip yo nan trip ak nan twou dèyè a, sa pral pèmèt yo fè prevansyon kont kansè.
- Moun ki genyen 45 lane oswa plis ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo sou depistaj pou kansè nan trip, menmsi yo santi yo an bòn sante.
- Moun ki trè riske yo ki genyen pi piti pase 45 lane yo ta dwe tou fè depistaj pou anpeche kansè nan trip.
- Menmsi ou santi ou an bòn sante, fè yon kolonoskopi chak 10 zan oswa fè yon tès poupou (fekal) chak ane.

### Kisa ki siy ak sentòm yo

- Sentòm kansè nan trip yo se lè w ap pèdi pwa, lè w ap bay san nan dèyè, lè w genyen dyare ak lè w sere san rete.
- Analiz san moun ki riske genyen kansè nan trip yo kapab montre yo manke fè nan san oubyen yo manke san (yo anemi).
- Sentòm moun ki genyen kansè nan trip yo pa manifeste toutsuit.

### Pouki rezon m ta dwe fè kolonoskopi?

- Kolonoskopi pèmèt doktè dekovri polip yo epi retire yo anvan yo tounen kansè.

### Kisa ki kolonoskopi a?

- Lè y ap fè kolonoskopi, doktè a foure yon ti tib ki genyen yon limyè ak yon kamera nan twou dèyè ou. Yo itilize kamera a pou yo chache polip yo.
- Si doktè a jwenn polip yo, òdinèman li retire yo pandan tès la.
- Tès la dire ant 30 minit a 60 minit.

### Kisa ki pase anvan tès la?

- Pwofesyonèl swen sante w la ap ba w yon remèd pou w bwè yon jou anvan tès la. Remèd la ap netwaye trip ou byen netwaye, konsa w ap genyen pou w ale nan twalèt souvan. Ou dwe fè yon rejim likid ki estrik (gade egzanp ki dèyè paj la) pandan tout jounen an nan lavèy.
- Ou kapab sispann pran kèk medikaman ou konn abitye pran, tankou aspirin oubyen antikowagilan. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou kanpe w ap fè a sou medikaman w yo yon semèn avan tès la.
- Jou tès la a, ou p ap manje anyen ou p ap bwè anyen jiskaske yo fini fè tès la nèt.
- Avan tès la, yo ka ba w konprime ki pou fè w kalm.

### Kisa ki pase aprè tès la?

- W ap kouche nan zòn rekiperasyon an jiskaske remèd la diminye.
- W ap bezwen yon moun, tankou yon zanmi w oubyen yon manm nan fanmi w, pou menmen w lakay ou.

### Èske kolonoskopi yo san danje?

- Kolonoskopi yo san danje, yo gen kèk risk tankou:
  - Reyaksyon pa rapò a remèd ou te pran avan tès la a.
  - Senyen lè yo fin retire polip la. Sa sispann anjeneral pou kont li.
  - Dechiri nan trip oubyen nan pawa twou dèyè an. Sa pa rive souvan, sa ka lakòz doulè epi ou gendwa bezwen fè yon operasyon chiriji pou yo ka repare l.

### Kilè m ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante m?

- Kontakte pwofesyonèl swen sante w la si w wè san nan papye ou fin siye dèyè w oubyen nan poupou w, oubyen si w santi tèt ou ap vire, si w santi gwo vant fè mal oubyen si w santi lafyèv ak frison.

### Èske tès la fè mal?

- Ou ka santi presyon, ou ka santi w balonnen oubyen ou santi lakranp pandan tès la, men anjeneral li pa fè mal.

# KIJAN POU W PREPARE POU KOLONOSKOPI W LA

**Pwofesyonèl Swen Sante:** Ranpli jou ki apwopriye yo, dat ki apwopriye yo ak enfòmasyon sou kontak pi ba yo.

<b>Sèt (7) Jou Avan</b> <b>Jou:</b> <b>Dat:</b>	<p><b>Si w ap pran nenpòt nan medikaman ki vin aprè yo, di pwofesyonèl swen sante w lan sa. Ou ka bezwen sispann pran medikaman sa yo semèn avan kolonoskopi w la.</b></p> <p>■ Aspirin ■ Medikaman pou doulè oswa atrit ■ Ibibwofèn ■ Antikowagilan (egzanp, Wafarin) ■ Sipleman fè ■ Medikaman kont dyabèt</p>
<b>Sis (6) a De (2) Jou Avan</b>	<p><b>Suiv yon rejim ki nòmal epi bwè anpil likid.</b></p>
<b>Yon Jou Avan</b> <b>Jou:</b> <b>Dat:</b>	<p><b>Preparasyon entesten:</b></p> <p>Pwofesyonèl swen sante w la te preskri w medikaman pou w prepare trip ou pou tès la. Li enpòtan pou w pran medikaman an jan yo endike w la.</p> <p>Si ou genyen nenpòt kesyon, nenpòt kòmantè oswa nenpòt enkyetid, tanpri rele pwofesyonèl swen sante w la nan:</p> <hr/>
<b>Yon (1) Jou Anvan</b> <b>Jou:</b> <b>Dat:</b>	<p><b>Enstriksyon sou rejim alimantè:</b></p> <ol style="list-style-type: none"><li>1. Kòmanse lè w reveye, PA MANJE OKENN MANJE KI DI . Sa gen ladan l gress (ekzanp: pen, pasta, diri, sereyal, elatriye), pwason, pwa, tofi, pwodui ki gen lèt ladan yo (ekzanp: lèt, fomaj, krèm, yogout, bè, elatriye), legim ak fui.</li><li>2. Respekte yon REJIM LIKIDTRANSPARAN ak likid transparan epi likid ki gen koulè klè yo. PA bwè kola oswa diven wouj oubyen bwason mov yo.</li></ol> <p>■ Dlo Bouyon (ekzanp: legim oubyen bouyon pou san grès) ■ Pipòp ki gen koulè klè yo ■ Soda klè oubyen dlo mineral gazez ■ Bwason pou spòtif koulè klè (Se pa ni wouj ni mov) ■ Desè ki gen jelatin ki klè ■ Dlo oswa glas ■ Te oswa kafe san lèt oubyen san krèm ■ Ji fui ki klè e ki pa gen pilp (egzanp: pòm, rezen blan)</p> <ol style="list-style-type: none"><li>3. Asire w pran POU PI PITI UIT PÒSYON (sa vle di, 8 vè likid klè pa jou).</li></ol>
<b>Jou Kolonoskopi</b> <b>Jou:</b> <b>Dat:</b>	<p><b>PA BWÈ ANYEN PA MANJE ANYEN.</b></p> <p>Remak: Si pwofesyonèl sante w lan preskri w nenpòt ki medikaman, ou ka bwè dlo lè w ap pran yo.</p> <p><b>Planife ak yon adilt pou l mennen w lakay ou aprè tès la.</b></p>  